Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- da daan jàppu ci julli gu ne

Jële nañu ci Amru Ibn Aamir mu jële ci Anas Ibn Maalik mu wax ne: Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- da daan jàppu ci julli gu ne, ma ne ko: lan ngeen daan def yéen? Mu ne: njàpp mi dana doy nit ki feeg tojlewul.

[Wér na] [Al-buxaariy soloo na ko]

Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- da daan jàpp ci jullig farata gu ne, donte njàppam tojul; loolu ngir am yool ak ngëneel. Dana dagan nag ñu julli ci mennum njàpp lu ëpp benn julli farata feeg moo ngi ca njàpp ma.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/65080